




Astwonòm nan tan lontan lontan nan Lagrès. Aglaonice te konpetan anpil anpil nan kalkile ki lè ak ki kote yon eklips linè ta rive. Abilite sa li te geyen an, se pwobableman gras ak etid li te konn fè sou sik Metonic la, yon peryòd anviwon 19 ane, kote aprè sa faz linè yo tonbe nan menm lè nan ane a. Anpil moun te panse li te yon sosyè paske li te itilize konnesans astwononik li pou parèt kòm si li t'ap fè Lalin nan “disparèt” nan syèl la.



2yèm oswa 1ye syèk anvan epòk nou an



Filozòf neoplatonist grèk, astwonòm, e matematisyèn.

Hypatia te rekonèt kòm youn nan pi gwo pansè,
matematisyen ak astwonòm nan epòk li.

Papa'l te direktè yon lekòl ki te enpòtan anpil, e tou, li te
yon astwonòm e matematisyen tout moun te rekonèt.

Kontribisyon Hypatia nan domèn sa yo chita sou travay

Apollonius ak Diophante te fè, sitou nan revizyon tab
astwononmik yo. Manzè te yon pwofesè, yon konferansye
selèb, e te gen anpil moun ki te konn vin tandè'l ap pale.

Hypatie te sibi yon mò vyolan, se asasine yo asasine'l
britalman.



c. 355 - 415



Rèn Seondeok de Silla te yon rènn ki te reye kòm 27e dirijan sou Silla, youn nan 3 wayom Kore. Politik ak envestisman li yo te pwovoke yon peryòd gwo devlopman non sèlman nan astwononmi men tou nan lòt domèn syantifik ak kiltirèl. Pandan rènn li a, rènn Seondeok te fè konstwi Obsèvatwa Cheomseongdae. Li toujou la jous jounen jodia, konstriksyon sa mezire 9 mètr de wo, se li ki se pi ansyen obsèvatwa astwononmik an Azi.



Rèn Seondeok de Silla

c. 595 - 647



Li te rete nan Aleppo, kounye a nò Siri. al-Asturlabi te yon astwonòm e yon fabrikan astrolab, yon ansyen enstriman astwononik ki te itilize pou predi mouvman objè ki nan syèl la, tankou Solèy, Lalin, ak zetwal yo. Pitit fi yon lòt moun k'ap fè astrolab, Mariam te metrize konsepsyon ak fabrikasyon astrolab e li te pwodwi enstriman ki te kapab fè kalkil egzak ak prediksyon egzat. Li te vin anplwaye premye Emir Aleppo a, nan peyi Siri, Saif al Dawla, pou konstwi enstriman sa yo.



Mariam al-Asturlabi

10^e syèk



Syantifik Danwa e ekriven ki te travay nan domèn astwonomi, otikilti, chimi, ak medsin. Sophia Brahe te fèt nan yon fanmi aristokratik, li te ti sè astwonòm popilè Tycho Brahe. Souvan li te konn ede frè'l nan obsèvasyon astwonomik, e travay li yo te kontribye nan devlopman tewori Tycho sou òbit planetè. Li te konn fè pwòp obsèvasyon komèt ak eklips tou.



Sophia Brahe

1559 - 1643



Caroline Herschel te fèt an Almay, yo konsidere'l kòm premye fanm astwonòm pwofesyonèl. Li te dekouvri plizyè komèt, yon makòn zetwal ouvè, e 14 nebilez. Manzè te travay an bonjan kolaborasyon ak frè'l, Sir William Herschel, sitou lè'l te konn ede'l konstwi enstriman astwonòmik, fè katalòg zetwal ak fè kalkil. Pwiske li t'ap asiste frè'l, li te resevwa yon salè rwa George III Angletè te konn voye pou li. Royal Astronomical Society te bay li yon meday dò.



1750 - 1848



Wang Zhenyi

Wang Zhenyi te yon astwonòm, matematisyen, poèt, gwo save chinwa ki te rekonèt anpil. Li te ekri atik sou ekinòks yo ak relasyon ant eklips linè ak solè. Manzè te etidye mouvman Solèy la, Lalin ak Latè, e li te devlope eksperyans inovan pou demontre tewori sa yo. Wang Zhenyi te tou yon poèt akonpli, li te pibliye 13 gwo liv pwezi, prefas ak post-scriptum.



Wang Zhenyi

1768 - 1797



Caterina Scarpellini te yon astwonòm e metewològ italyen. Manzè te travay kòm asistan tonton'l nan Obsèvatwa Astwonomik Sapienza – Univèsite Rome. Se li ki te fondatris, ansanm ak mari'l, e redaktris an chef de Corrispondenza Scientifica, yon journal ki konn pibliye dekouvèt syantifik obsèvatwa'l la ak lòt enstiti ki konn fè rechèch. Manzè te fonde yon stasyon metewolojik nan Rome.



Caterina Scarpellini

1808 – 1873



Henrietta Swan Leavitt te yon astwonòm Amerikèn ki tap travay nan Harvard College Observatory kòm yon “konpitè”, l’ tap mezire ak fè katalòg ak liminozite zetwal yo. Paske li te gen yon bon baz, sa te pèmèt li antre rejwenn ekip Havard la kòm volontè. Manzè te dekouvri relasyon ki genyen ant liminozite ak peryòd Varyab Cefeyid yo – zetwal ki konn vin briye fò epi pi fèb yo pandan yon tan. Dekouvèt sa yo pral bay astwonòm yo premye “bouji standa” - yon teknik pou mezire distans galaksi yo lè yo itilize mezi liminozite ke yo konnen ak distans zetwal yo. Se sou baz travay Henrietta Swan Leavitt yo ke Edwin Hubble te demontre egzistans lòt galaksi an deyò de Vwa Lakte a.



Henrietta Swan Leavitt

1868 - 1921



Cecilia Payne-Gaposchkin

Se an Angletè nan yon fanmi eze Cecilia Payne Gaposchkin te fèt, li te yon astwonòm ki te baze'l Ozetazini. Tèz doktora revolisyonè li a te pibliye ak tit « Atmosfè Zetwal – Yon kontribisyon nan etid obsèvasyonèl Gwo tanperati nan kouch ranvèse zetwal yo » La, Cecilia Payne Gaposchkin te tou demontre non sèlman zetwal yo te fèt sitou ak idwojèn ak elyòm, yon lide ki te defye konsansans syantifik nan epòk sa, men manzè tou te montre ke zetwal yo ka klase selon tanperati yo. An plis de sa, travay li yo sou nati zetwal varyab yo te bay baz pou konprann objè astwonomik yo jounen jodia.



Cecilia Payne-Gaposchkin

1900 - 1979




Paris Pişmiş te yon astwonòm ameno-meksikèn ki te fè anpil bagay kòm pou lapremyèfwa, pami yo li te premye fanm ki te rive jwenn doktora'l nan Fakilte Syans Inivèsite Istanboul. E li te premye astwonòm pwofesyonèl o Mexique – se te premyè fwa wi. Manzè te youn nan premye astwonòm ki te etidye jèn makòn zetwal yo gras ak fotometri. Travay li te fè sou zafè strikti galaksi yo te mennen'l nan kataloge plis pase 20 makòn ouvè ak 2 makòn globilè. Li te pibliye plis pase 100 atik.



Paris Pişmiş

1911 - 1999



Ruby Violet Payne-Scott, yon pyonye nan domèn Radyo Astwonmi, te fèt nan Ostrali e li te premye fanm ki fè radyo-astwonòm nan peyi'l. Rechèch li te fokis sitou sou bri Solèy la, sitou sa ki gen rapò ak tach sou Solèy la – zòn kote, sou Solèy la, ki parèt pi fonse. Rechèch li yo te jwe yon wòl enpòtan nan dekouven nouvo kalite eksplozyon sou Solèy la - emisyon enèji ki konn fèt nan kowòn Solèy la -, epi li te mete baz pou rechèch matematik nan radyoastwonmi. Ansanm ak Joe Pawsey e Lindsay McCready, manzè montre rapò ki genyen ant tach Solè ak ogmantasyon reyon radyo k'ap soti nan Solèy la.



Ruby Violet Payne-Scott

1912–1981



Vera Rubin

Travay astwonòm amerikèn inovan sa te fè te pèmèt nou konfime egzistans matyè nwa. Rechèch Vera Rubin te fè yo te konsantre yo sou dinamik galaksi e yo te bay premye prev sou zafè fizyon galaksi youn ak lòt.

Pandan'l tap travay ak Kent Ford, yon astwonòm ki te devlope yon spektromèt avanse (yon aparèy ki dekonpoze limyè an plizyè konpozan), Vera Rubin te dekouvri ke zetwal ki te nan mitan e andeyò nèt nan galaksi Andwomèd tap vire ak menm vitès. Sa fè'w panse a egzistans yon matyè ki "kenbe" zetwal rapid yo sou òbit yo nan rejyon andeyò sa yo. Obsèvasyon sa yo te konfime egzistans yon mas envizib nan linivè - oswa matyè nwa. New York Times te dekri patrimwan li kite pou nou kòm "yon bagay ki inogire yon chanjman nan mòd kopenisyen" nan tewori kosmolojik.



Vera Rubin

1928 - 2016



May Arif Kaftan te yon astwonòm irakyèn pyonye.

Li te fè etid li an Angletè ak Ozetazini, manzè te jwenn doktora'l nan Havard e li te pami premye radyoastwonòm Ozetazini. Nan Obsèvatwa Nasyonal Radyoastwonomi, yo te rekonèt manzè pou karaktè solid li ak pou jan li te konn bay bag. Aprèsa, li te anseye nan SUNY Albany e li te inisyè kreyasyon yon Obsèvatwa Astwonomik Irakyan. Malgre difikilte yo, li te jwe yon wol enpòtan nan devlopman'l jiskaske politik enteryè ak lagè Iran-Irak te pote'l demisyone e se te destriksyon evantyèl pwojè a. Li te kontinye etid inivèsite'l Ozetazini e li te reprezante Irak nan òganizasyon entènasyonal sou lespas yo. Kaftan-Kassim te mouri an Alexandria, an Virginie, e li kite yon patrimwan chaje ak devouman pou astwonomi ak pou peyi'l.



May Arif Kaftan-Kassim

1928 - 2020



Jocelyn Bell Burnell te fèt an Iland di No, manzè te dekouvi egzistans pilsa, yon objè astwonmik ki gen plis mas ke Solèy la e k'ap bay limyè men ki pa zetwal. Li te dekouvi egzistans pilsa yo pandan'l tap etidye pou'l te jwenn doktora'l nan inivèsite Cambridge. Malgre dekouvet sa, se sipèvizè'l ki te resevwa pi gwo pati nan merit pou travay sa e li te menm resevwa Pri Nobel pou dekouvet Burnell te fè a. Manzè te gen yon gwo karyè kòm chèchè ak konferansye, li te prezidan Sosyete Astwonmik Rwayal la e Enstiti Fizik.



Jocelyn Bell Burnell

1943 -



Mae Jemison

Medsen e astronot Amerikèn. Avan karyè'l kòm astronot, Mae Jemison te fè pati de Peace Corps kòm medsen an Sierra Leone ak Libéria. Yo te rekonèt manzè kòm premye fanm nwa ki t'al nan lespas. Li te yon spesyalis misyon abò Endeavour e li te pase prèske 8 jou an òbit otou Latè. Aprè karyè'l nan NASA, manzè fonde plizyè antrepriz ak Fondation Dorothy Jemison pou Ekselans, yon òganizasyon ki pa la pou lajan men pou travay sou ledikasyon STEM ak bagay kap dire. Li manm nan plizyè òganizasyon syantifik, tankou American Medical Association, American Chemical Society, Association of Space Explorers ak American Association for the Advancement of Science.



Mae Jemison

1956 -



Díaz-Merced te fèt Porto-Rico, li te vin avèg lè'l te komanse rive nan laj 20 tan yo paske'l te gen konplikasyon maladi degenerativ nan retin ki gen rapò ak maladi sik. Pou'l pat kite bagay sa anpeche'l kontinye ak karyè'l an astwonmi, manzè pito jwenn lòt fason pou'l etidye reyon limyè k'ap sot nan zetwal yo, san'l pa konte sou jan li wè. Se konsa li reyalize ke li ka itilize zorèy li pou'l detekte modèl enfòmasyon radyo ki sòti nan zetwal yo, yon bagay ki tap difisil nan jan yo tap reprezante an vizyèl e grafik. Yo sitou rekonèt Wanda paske'l itilize sonifikasyon pou'l fè yon pakèt enfòmasyon astwonmik tounen son. Wanda Díaz-Merced te jwe yon wol enpòtan nan bay konsèy ak nan teste sonifikasyon ki itilize nan pwofesyon astwonmi.



Wanda Díaz-Merced

1982 -